

Ou enkyete osijè Devlopman an? Kijan pou Jwenn Èd pou Pitit Ou



Pale ak doktè a, se premye etap nan jwenn èd pou pitit ou a si ou gen enkyetid sou devlopman li (ki jan pitit ou jwe, aprann, pale, aji, ou deplase). **Pa rete tann.** Si ou aji bonè, sa ka fè yon diferans toutbon!

1 Pran yon randevou ak doktè pitit ou a

- Lè w pran randevou a, di anplwaye doktè a ou gen enkyetid sou devlopman pitit ou a e ou ta renmen diskite sa ak doktè a.

2 Ranpli yon lis verifikasyon pou chak etap enpòtan

- Anvan randevou a, ranpli yon lis verifikasyon pou chak etap enpòtan lè w telechaje aplikasyon mobil [CDC an gratis Milestone Tracker](https://www.cdc.gov/MilestoneTracker) apati App Store ou Google Pran nan yon aparèy oswa enprime yon lis verifikasyon sou papye nan www.cdc.gov/Milestones.
- Ekri kesyon ou yo ak enkyetid ou yo; pote tout sa yo avèk ou nan randevou kay doktè a.

3 Pandan randevou doktè w la

- **Montre doktè a lis etap enpòtan ki ranpli a**
 - > Si pitit ou **a** gen reta enpòtan, montre yo, epi pataje nenpòt lòt enkyetid ou genyen.
 - > Si pitit ou a **pa** pa gen okenn reta men ou toujou gen enkyetid, enfòmè doktè a sou yo.
- **Mande doktè a pou fè depistaj sou devlopman pou pitit ou a**
 - > Yo rekòmande depistaj sou devlopman chak fwa gen yon enkyetid. Li bay doktè a plis enfòmasyon pou li konnen ki pi bon fason pou ede pitit ou a.
 - > Pou plis enfòmasyon sou depistaj sou devlopman, ale nan www.cdc.gov/DevScreening.
- **Mande doktè a si pitit ou a bezwen plis evalyasyon sou devlopman**
 - > Si pitit ou a bezwen sa, mande pou yon referans epi rele touswit. Si ou gen difikilte pou jwenn yon randevou, fè doktè a konnen sa.

4 Asire w ou konprann sa doktè a di ou, ak sa pou w fè aprè

- Avàn ou kite randevou a, verifye nòt ou te ekri yo e asire w yo reponn tout kesyon ou yo.
- Si ou pa konprann yon bagay, mande doktè a pou espliche li ankò oswa nan yon fason diferan.
- Lè w rive lakay ou, revize nòt ou yo epi swiv etap doktè a te ba ou yo. Sonje byen, ou ka toujou kontakte kabinè doktè a si ou gen nenpòt kesyon.

Ou Konnen Timoun Ou an Pi Byen

Si doktè pitit ou a te di ou “Rete tann epi wè:” men ou santi w malalèz apwopo konsèy sa a:

Pale ak yon lòt doktè pou jwenn yon dezyèm opinyon

EPI

Rele pou yon evalyasyon gratis pou konnen si pitit ou a ka jwenn sèvis gratis oubyen a pri ki ba ki ka ede.

■ Si pitit ou a poko gen 3 zan:

Rele pwogram entèvansyon prekos Eta kote w ye an Jwenn nimewo telefòn lan nan www.cdc.gov/FindEI.

■ Si pitit ou a gen 3 zan ou plis:

Rele lekòl primè piblik nan zòn lan.

Ou pa bezwen yon rekòmandasyon doktè pou fè evalye pitit ou a pou sèvis yo.

Jwenn plis enfòmasyon, ansanm ak kisa pou di lè ou fè apèl enpòtan sa yo, vizite www.cdc.gov/Concerned.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon diferans toutbon!**



www.cdc.gov/ActEarly

1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Telechaje Aplikasyon
gratis CDC a
Milestone Tracker



Aprann Siy yo. Aji Bonè.